



LI PA JANM TWO TA

(Mari voye yon kasèt bay sè li Anita ki an Ayiti)

"Bonjou Anita. Kouman ou ye? Depi madi pase mwen resevwa nouvèl ou nan kasèt ou voye a. Mwen wè tout bagay. Anvan mwa Mas la fini, map bat pou mwen voye kichòy pou ou.

Sè mwen, bò isit la bagay la pa bon ditou. Se pa tankou lakay, se vre, men sa rèd. Depi 1 an map chèche travay. Mwen bat lapli, seren, lanèj, m'pa jwenn anyen. Travayè Kebekwa pou kont pa yo pa jwenn travay; alewè pou nou menm ayisyen ki se moun vini. Epitou, lè yon imigran kontre ak yon travay, se djòb ki pi malouk la yo ba li fè. Anpil fwa, li pa gen yon bout papyè nan men li. Konsa, bòs yo maspinen travayè imigran an jan yo vle. M'sonje an '81, mwen tap fè yon ti degaje nan yon faktori. Yo te konn boulvèse bil mwen tout jan. Tanzantan gwo bòs la rele-m isit, ti bòs la rele-m lòt bò. Rete pou yo te fè-m fou. Nan djòb sa a, mwen te oblije travay chak samdi, kit mwen te fatige, kit mwen te malad.

Anita, gen yon lòt bagay. Nan Kanada, si yon moun pa konn li, ou lan tout kalite tèt chaje. Tout lasent jounen ou ap resevwa papyè lakay ou. Epi, ou pa fouti aprann yon metye san se pa nan liv. Mwen regrèt anpil madan Ba pa te voye-m lekòl plis tan. Atò, se pa te fòt manman-m, non. Se gouvènman peyi

Ayiti ki pa janm okipe afè lekòl pèp la. Gwo chabrak yo, yon sèl bagay yo konnen, se goumen pou vin prezidan. Men tou, yon jou fòk sa chanje.

Sè mwen, se pa de traka map pase nan peyi etranje akòz mwen pa konn li. Gen yon bagay moun isit rele bil. Se bòdwo ki voye di ou kantite kòb ou dwe pou elektrisite, gaz osnon telefòn. Lè pou ou li bil sa yo, chif fè mikalaw. Fòk ou chache konnen kilès ladan yo ou dwe. Dènye bagay pou yo di ou nan peyi sa a, se sou papyè. Se Andre, ti pa madan jozafa a, ki konn li yo pou mwen. Men Andre kale tèt mwen kont li, poutèt sèvis sa a li rann mwen. Sa ki pi rèd la, lòt jou nèg la manke fè kadejak sou mwen. Men, mwen mete-l nan wòl li. Pa repete pawòl sa a, non. Egal la a, fòk mwen jwenn yon lòt moun ki pou li pou mwen tout sa mwen bezwen.

Anita, bò kote pa-m tou map fè jefò pou mwen aprann li. Depi avril ane pase, mwen koumanse ale lekòl nan yon sant ayisyen. Se an kreyòl map aprann li. Titalè, lè mwen fin konn li ak ekri, m'pral aprann franse. Lang sa a pa lang pa nou. Li pa fasil pou aprann. Men, li enpòtan anpil pou ou degaje ou ladan li. Nan peyi isit se angle ak franse yo pale.

Sè mwen, kounye a pa gen kache lonbrit ankò. Ou pa ta kwè sa, gen yon pakèt moun nan yon gwo peyi tankou Kanada ki pa konn li. Lan mwa Me 85, mwen te

ale nan yon Gwo Rasanbleman nan vil Kebèk. Pi fò granmoun ki te la, se te Kebekwa ak ayisyen, gason kou fanm, ki pa konn li. Nou pa te pè pale sou pwoblèm nou. Anita, ou menm tou, fòk ou leve pye ou pou ou aprann kichòy. Li pa janm twò ta.



Illustration: P. Filsaimé. Cafénol. Tranches de vie d'un nouveau venu à Montréal. Montréal, Grafik Universel: Éditions, 1982, p.7.




Egzèsis 1.

Nan chak nimewo ekri mo ki manke a nan twou vid la. Chwazi mo ki manke a nan lis mo sa a:

ta	peyi	fasil
jou	anpil	lang
rasanbleman	pa	konn
lajan	li	mete

- 1) Mari ap viv nan _____ etranje.
- 2) Travay pa _____ pou jwenn.
- 3) Tanzantan, Mari voye yon ti _____ an Ayiti.
- 4) Tout moun dwe konn _____ ak ekri.
- 5) An Ayiti, gouvènman an dwe _____ lekòl gratis pou tout moun.
- 6) Pale franse mande _____ pratik.
- 7) _____ pèp ayisyen se kreyòl.
- 8) Moun _____ dwe wont di yo pa konn li.

- 9) Gen anpil Kebekwa ki pa _____ li.
- 10) Li pa janm twò _____ pou aprann.
- 11) Nan mwa Me 1985, te gen yon gwo _____ nan vil Kebèk.
- 12) Travay 6 _____ pa bon pou lasante.



Egzèsis 2.

Nan chak nimewo, mete gwoup mo yo nan lòd pou bati yon fraz.

Egzanp:

ap chache depi 1 an Mari travay.

Mari ap chache travay depi 1 an.

1) pa fasil lavi imigran yo

2) pa di pale franse lespri

3) kèk sant ayisyen nan Monreyal gen

4) doulè travayè pa konn patwon

5) anpil imigran papye rezidans pa genyen

6) te fèt gwo rasanbleman patisipan yo Kebèk

7) pa konn li pi fò ayisyen

8) yon dwa aprann li se
